



Jidisyè Nyoudjèze  
**Bwochi Lwa Asistans Viktim ak Pwoteksyon Sivivan (VASPA).**

## **Kisa ki Lwa Asistans pou Viktim ak Pwoteksyon Sivivan yo (VASPA)?**

Apati 1ye Janvye 2024, VASPA pèmèt viktим yo jwenn òdonans pwoteksyon, menm si yo pa gen okenn relasyon ak moun ki komèt oswa ki te eseye komèt zak:

- enfraksyon kontak seksyèl, oswa
- penetrasyon seksyèl, oswa
- endesans, oswa te komèt yon zak
- asèlman oswa
- sibè asèlman

Nouvo lwa a kouvri sèlman lis zak nou mete anlè a epi sibè asèlman ak/oswa asèlman yo dwe fèt nan dat oswa aprè 1ye janvye 2024.

## **Kisa ki yon òdonans pwoteksyon?**

Yon òdonans pwoteksyon se yon òdonans tribinal la bay ki fèt pou pwoteje yon viktим kont zak ki site anlè a. Kondisyon ki nan òdonans pwoteksyon an baze sou sikorans chak moun epi li varye soti nan yon ka al nan yon lòt.

## **Kiyès ki ka fè yon demann òdonans pwoteksyon VASPA?**

Nenpòt moun ki gen plis pase 18 lane ki se yon viktим enfraksyon kontak seksyèl, penetrasyon seksyèl, endesans, asèlman oswa sibè asèlman oubyen nenpòt tantativ pou komèt zak sa yo.

Yon paran oswa yon gadyen kapab fè yon demann òdonans pwoteksyon pou yon moun ki gen pi piti pase 18 lane, oswa pou yon adilt ki pa konprann sa k ap pase li a paske li gen yon andikap oswa yon maladi mantal.

## **Kisa k ap pase si akize a gen pi piti pase 18 lane?**

Si akize a gen pi piti pase 18 lane, ou kapab mande fòs lòd yo fè pousuit pou minè. Kontakte pòs polis kote ensidan an rive a.

## **Kisa k ap pase si akize a se yon paran oswa yon gadyen timoun ki minè a oswa adilt ki enfim nan?**

Si w ap fè yon demann pou yon minè epi moun w ap fè demann kont li an se yon paran oswa yon gadyen yon timoun ki minè, ou pa kapab fè demann nan anba Lwa Asistans pou Viktim ak Pwoteksyon Sivivan yo. Ou dwe rele Divizyon Pèmanans ak Pwoteksyon New Jersey nan: 1-877 NJ ABUSE (1-877-652-2873);  
TTY/TDD 1-800-835-5510.

## **Kijan ak ki kote moun kapab fè aplikasyon VASPA a?**

Ou ka soumèt aplikasyon an anliy atravè sistèm Soumisyon Dokiman Elektronik Jidisyè (Judiciary Electronic Document Submission, JEDS) a oswa an pèsòn nan yon tribinal kote zak la oswa tantativ zak la te fèt, kote akize a ap viv, oswa kote viktim nan ap viv oubyen kote li te jwenn abri.

Ou ka jwenn fòmilè VASPA a sou njcourts.gov oswa nan tribinal lokal ou a.

## **Èske yon aplikasyon VASPA ka fèt nan yon sèvis fòs lòd lokal?**

Aplikasyon VASPA a pa ka fèt nan yon pòs polis. Aplikasyon an ka fèt sèlman nan tribinal nan lè tribinal la ouvri.

## **Kisa k ap pase si yon moun soumèt yon aplikasyon VASPA atravè JEDS nan lè tribinal la pa ouvri?**

Ou ka aplike pou yon òdonans pwoteksyon VASPA atravè JEDS nenpòt lè, men pèsonèl divizyon fanmi an ap trete 1 pandan lè ouvèti nòmal tribinal la. Si ou aplike apre 4 p.m atravè JEDS, aplike an ka trete nan pwochen jou ouvrab tribinal la.

## **Kisa k ap pase aprè aplikasyon VASPA a fèt nan tribinal la?**

### **Aplikasyon ki fèt an pèsòn:**

- Pèsonèl divizyon fanmi an ap revize aplikasyon an epi pale ak plenyan an, moun ki soumèt aplikasyon an, pou si yo gen nenpòt kesyon.
- Pèsonèl divizyon fanmi an ap trete aplikasyon an epi pwograme yon dat pou odyans lan san pèdi tan.
- Pandan odyans lan, plenyan an ap di poukisa li aplike pou yon òdonans pwoteksyon tanporè (temporary protective order, TPO).
- Tribinal la ap akòde oswa refize TPO a.

Si li akòde TPO a, y ap pwograme yon odyans nan espas 10 jou pou sa ki rele yon odyans òdonans pwoteksyon final (final protective order, FPO). Plenyan an ap resevwa TPO a nan men pèsonèl tribinal la, epi akize a ap resevwa TPO a nan men fòs lòd yo.

### **Aplikasyon ki fèt atravè JEDS:**

- Pèsonèl divizyon fanmi an ap revize pwosesis aplikasyon an epi 1 ap kontakte plenyan an pa imèl oswa telefòn pou notifye 1 sou lè odyans lan.
- Nan odyans lan, plenyan an ap di tribinal la poukisa li aplike pou yon òdonans pwoteksyon tanporè (temporary protective order, TPO).
- Tribinal la ap swa akòde oswa refize TPO a.

- Si li akòde TPO a, y ap pwograme yon odyans nan espas 10 jou pou sa yo rele yon odyans òdonans pwoteksyon final (final protective order, FPO). Pèsonèl divizyon fanmi an ap fè aranjman pou remèt TPO a bay plenyan an, epi fòs lòd yo ap remèt akize a TPO a.

### **Akize a te resevwa yon TPO, kisa ki genyen kounye a?**

Dat òdonans pwoteksyon final la ap ekri nan òdonans lan. Akize a dwe nan odyans lan. Si akize a swete fè apèl TPO a, li dwe kontakte divizyon fanmi nan konte ki te bay TPO a pou jwenn enstriksyon yo. Akize a kapab kontakte divizyon fanmi an tou pou nenpòt kesyon.

### **Èske plenyan an ka anile TPO a avan odyans FPO a?**

Plenyan an ka mande pou retire plent li a epi mande pou yo anile TPO a nenpòt lè avan odyans FPO a oswa nan jou odyans lan. Plenyan an dwe ranpli Sètifikasi Anilasyon Asistans pou Viktim ak Òdonans Pwoteksyon Sivivan (Certification for Dismissal of Victim's Assistance and Survivor Protective Order) (CN13151) l ap jwenn sou njcourts.gov epi soumèt fòmilè a an pèsòn oswa anliy atravè JEDS.

Yon fwa li fin soumèt fòmilè a, yon odyans ap fèt pou mande plenyan an rezon ki fè li retire demann li an. Tribunal la ap deside si pou l akòde oswa refize demann plenyan an.

### **Kòman pati yo ap prepare yo pou odyans FPO a?**

Ni plenyan an, ni akize a, toulède dwe asiste odyans final la, epi yo gen dwa pou yo vin ak yon avoka. Tribunal la pa ka bay avoka. Toude pati yo kapab pote temwen ak prèv nan odyans lan. Prèv yo ka nan fòm foto, mesaj tèks oswa videyo. Yo dwe kontakte tribunal la avan odyans la pou enstriksyon sou kijan pou bay prèv sa yo.

### **Kisa ki pase nan odyans FPO a?**

Odyans FPO a ap fèt nan entèval 10 jou depi lè tribunal la te bay TPO a. Nenpòt pati ka mande yon sispansyon (yon ranvwa) pou jwenn yon avoka. Nan odyans lan, jij la ap tandem temwayaj plenyan an ak akize a. Si plenyan an s on minè, yo ka mande l temwanye nan odyans lan, selon diskresyon tribunal la, Jij la ap tandem temwen yo tou epi l ap konsidere prèv chak pati yo bay yo. Jij la pral deside si yon zak anba VASPA te fèt epi si yo dwe bay yon FPO pou pwoteje plenyan an.

Si jij la bay yon FPO, yo ka entèdi akize a komèt nenpòt zak VASPA alavn. Yo ka entèdi l pou l pwoche kote plenyan an ap viv, kote l ap travay oswa lekòl; yo ka entèdi pou l gen nenpòt kontak oral, ekri, pèsonèl oswa elektwonik ak plenyan an oswa ak lòt moun; epi yo ka entèdi l pou l pa kominike oswa fè nenpòt lòt moun kominike ak ou nan lide pou asele w. Epitou, yo ka entèdi akize a pou l pa asele, suiv, oswa menase pou blese, menase pou asele oswa menase pou suiv plenyan an.

Ni plenyan an, ni akize a, toulède ap gen yon kopi FPO a. Divizyon fanmi an ap bay yon kopi nan pòs polis lokal plenyan an.

### **Kisa k ap pase si akize a pa parèt pwent tèt li nan odyans FPO a?**

Jij la ka bay yon FPO kont akize a si gen prèv ki montre akize a te konnen dat odyans lan t ap fèt la. Si pa gen okenn prèv ki montre akize a te resevwa TPO a, yo ka pwograme yon lòt dat odyans, epi òdonans lan ap rete an vigè. Si yo bay FPO a, yon ofisyè fòs lòd yo ap remèt yon kopi òdonans lan bay akize a.

### **Kisa k ap pase si akize a pa respekte TPO a oswa FPO a?**

Si akize a vyole nenpòt nan kondisyon tribinal la te bay sou TPO oswa FPO a, plenyan an dwe rele pòs polis lokal li a san pèdi tan. Yo ka akize akize a ak yon enfraksyon kriminèl..

### **Èske plenyan an ka anile òdonans pwoteksyon final (FPO) la nenpòt lè?**

Nenpòt demann pou anile (retire) oswa chanje yon òdonans pwoteksyon ki te egziste deja dwe fèt an pèsòn epi li dwe pase devan yon jij.

Nenpòt kontak ant plenyan an ak akize a avan anilasyon òdonans pwoteksyon an fè akize a ekspoze ak pouosit penal.

Si òdonans pwoteksyon an anile, ka toujou genyen chaj kriminèl ki ankou ki pral bezwen trete apa nan tribinal minisipal oswa penal ki apwopriye a.

### **Èske akize a ka mande anile òdonans pwoteksyon final la?**

Akize a kapab fè rekèt pou anile FPO a. Dosye rekèt la, *Kijan pou Mande Tribunal la Chanje/Aplike yon Òdonans nan Ka Ou a oswa Mande Yon Lòt Aksyon ki gen Rapò ak Ka Ou a* (CN10483), n ap jwenn li sou njcourts.gov.

### **Èske òdonans FPO a ka chanje?**

Ni plenyan an, ni akize a, yo toulède kapab mande chanje FPO a. *Kijan pou Mande yon Chanjman nan Asistans pou Viktim ak Òdonans Pwoteksyon Final Sivivan (VASPA) oswa Òdonans Lwa Pwoteksyon Sivivan Agresyon Seksyèl (SASPA)* (CN13142), n ap jwenn li sou njcourts.gov.

### **Èske òdonans pou pwoteksyon final (FPO) a ekspire?**

FPO a ret an vigè pou toutan sof si tribinal la anile oswa revoke li.

## **Èske gen lòt konsekans si tribinal la bay yon òdonans pwoteksyon tanporè (TPO) oswa yon òdonans pwoteksyon final (FPO)?**

Yo konsève tout TPO ak FPO yo nan yon rejis santral. Piblik la pa gen aksè ak rejis santral sa a, men li disponib pou fòs lòd yo, kèk ajans piblik, tribinal la, biwo sibtit a ak Divizyon Pwoteksyon ak Pèmanans Timoun New Jersey (New Jersey Division of Child Protection and Permanency).